Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого хур.
Инхоса ГIали-ХIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

## Гумбет районалъул газета



№ 17 (6953) 19 май 2025 с. Итни Зул-къагIида 1446 с. Багьа - эркенаб

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

## КIудияб Бергьенлъиялъ 80 сон тIубай кIодо гьабуна

### «Хвел гьечIеб полк», «Бергьенлъиялъул байрахъ» акциял тIоритIана

**Дагъистан Республикаялъул Халкъияб Собраниялъул председателасул заместитель, Регионалияб политикияб гIуцIиялъул президиумалъул гIахьалчи, «Цогояб Россия» партиялъул регионалияб отделениялъул секретарасул тIоцевесев заместитель СайгидахIмад АхIмадовас ва Бакълъул районалъул бетIер, «Цогояб Россия» бакIалъулаб отделениялъул секретарь Гъалип Гъалиповас, муниципалитеталъул хIаракатчагIаз КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчагIазул хIурматалда бараб памятникалда цебе тIугьдузул горал лъуна КIудияб Бергьенлъиялъ 80 сон тIубаялда бан.**

Гьенибго ветераназда ва цогидал ВатIан цIунулезда хурхарал кучIдул цIалана МелъелтIа росдал аслияб школалъул цIалдохъабаз, Россиялъул Бакълъул мухъалда бугеб ОМВДялъул хIалтIухъабаз байрамалъулаб салют биччана, хваразул рухIазе дугIаги гьабуна. Тадбиралда гьединго гIахьаллъи гьабуна СВОялъул гIахьалчагIаз, гьезул хъизамаз ва цогидаз.

Районалда гьединго тIобитIана «Хвел гьечIеб полк» акцияги. КIудияб Бергьенлъиялъ 80 сон тIубай кIодоги гьабун, Дунялалъул КIиабилеб рагъул гIахьалчагIазул наслу, афгъаналъулал, хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчагIи, батIи-батIиял идарабазул махщалилал, жидерго кIудадабазул сураталги ккун, районалъул аслияб майданалда ракIарана.

ДРялъул бетIерасул рахъалдасан бакълъулазда байрам баркана

СайгидахIмад АхIмадовас районцоязда Дагъистаналъул бетIер Сергей Меликовасул рахъалдасан Бергьенлъиялъул къо баркана. «Дунялалъул КIиабилеб рагъда хвана 60 миллионалде гIагарун чи. Нилъер улкаялдаса, кIудияб советияб халкъалдаса камуна 27,5 миллион чи. Нилъеда тIадаблъун ккола нилъерго тарих цIидасан лъазабизе ва цIунизе.

Фронталда ва тылалда ругез унго-унгояб ВатIаналдехун бугеб рокьи бихьизабуна, тушман щущахъвиххизавизе кутакаб хIаракат бахъана. Даим рекIелъ хутIила гьезул бахIарчилъи ва къохIехьей.

КIудияб ВатIанияб рагъда бергьенлъи босаралдаса 80 сон ин бакълъулазда баркизе тIадкъан букIана республикаялъул нухмалъулев Сергей Алимович Меликовас. Гьесул ва дирго рахъалдасан баркула нужеда рохалилаб байрам – фашистазулаб Германия къезабураб къо. Гьарула нилъер улкаялъе сундулъго бергьенлъи ва цебетIей», - ян абуна АхIмадовас.

Гьединго баркиялъулаб кIалъай гьабуна районалъул нухмалъулев Гъалип Гъалиповас. «ХIурматиял бакълъулал! РакI-ракIалъ баркула нужеда Гитлерил гьужум нахъчIваралдаса 80 сон ин! 1380 бакълъулав гIахьаллъана вахIшияб рагъулъ, эркенлъи ва гIагараб ракь цIунулаго би тIуна гIемераз. Жакъа СВОялдаги бихьизабулеб буго ВатIаналъул гIорхъалаби цIунизе, неофашизмалда данде къеркьезе бугеб гьира. Гьарула нилъер рагъухъабазе бергьенлъигун тIадруссин, щивасе щулияб сахлъи, сундулъго икъбал»,- ян абуна Гъалип Гъалиповас.

Байрам гьединго ракьцоязда баркана ЦIиликь росдал лъималазул ахалъул нухмалъулей, СВОялъул рагъухъанасул эбел Эльмира Зайнодиновалъ, Ингишо росдал гьоркьохъеб школалъул мугIалим Мадина Жаватхановалъ, МелъелтIа росдал гьоркьохъеб школалъул 11-абилеб классалъул цIалдохъан ГIашура Абакаровалъ ва цогидаз.

Районалъул аслияб майданалда Бергьенлъиялъул байрахъ борхиялъул тадбирги тIобитIана 9-леб маялъ. РекIее асар гьабулел церерахъинал гьаруна МелъелтIа росдал «Бакъ» ясли-ахалъул лъималаз, Гумбеталъул лъималазул искусствоялъул школаялъул тарбиячагIаз, кучIдул ахIана районалъул концертниябгун театралияб къокъаялъул артистаз.

Бакълъулазул щибаб росульги тIоритIана КIудияб Бергьенлъиялда хурхун тадбирал. ЦIалдохъабаз, росдал гIадамаз ракIалде щвезаруна ветераназ, гьезда бихьараб гIакъуба-гIазабалъул бицана цIиял гIелазе. КIудияб ВатIанияб рагъул ветераназул хIурматалда рарал памятниказда цере тIугьдузул горал лъуна. Церелъеял, гургинал столал, данделъаби, батIи-батIиял къецал гIуцIана.

**«Гумбет» информациялъулаб гIуцIи**



НОМЕРАЛДА РУГО:



Тылалъул захIматчагIазе, «рагъул лъималазе» ракIалдещвеялъул медалал

- 2 стр.



МухIамад Хабиров Суворовасул медалалдалъун кIодо гьавуна

- 2 стр.



Набигула Астимировасул чIел

- 2- гьум.



МухIамад Ордашов – махщел тIокIав, гурхIел цIикIкIарав тохтур

-2- гьум.

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ЗАХIМАТЧАГIИ

# Тылалъул захIматчагIазе, «рагъул лъималазе» ракIалдещвеялъул медалал

## Гитлерилаб Германия къезаби баркана бакълъулазул харабазда

**Бергьенлъиялъ 80 сон тIубаялъул хIурматалда Гумбет районалъул администрациялда тIобитIана КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчагIазул хъизан-лъималазулгун, тылалъул захIматчагIазулгун, захIматалъул ветераназулгун дандчIвай.**

Гьедин, муниципалитеталъул бетIер Гъалип Гъалиповас къабул гьаруна Ингишо росулъа Дунялалъул КIиабилеб рагъул ветеран УзунхIажи ГIалиевалъул лъади Сабигат Навурбиева, фронтовикасул яс Нина Кузенко, КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчиясул вас ГIали ГIумархIажиев, тылалъул хIалтIухъаби СайгидгIали Бибулатов ва ГIумарасхIаб Хасаймирзаев (Игьали), Ада ГIабдулманапова(ЧIиркъатIа), МухIамад Сурхаев (ЛъаратIа), ГIабдулпатахI Салатгереев (Данухъ). ДандчIвана гьединго Ингишоса машгьурав снайпер Хъарамирза Жаватхановасул наслугун.

Бакълъул мухъалъул нухмалъулес гьезие кьуна ракIалдещвеялъул медалал, классик, машгьурав насихIатчи Инхоса ГIали-ХIажиясул тIехь, муниципалитеталъул женсоветалъул рахъалдасан сайгъаталги кьуна.




Лъимал гIемерал улбузда, захIматалъул ветераназда КIудияб ВатIанияб рагъда бергьенлъи босаралдаса 80 сон ин баркизе мурадалда росабалъеги сапар бухьана Гъалип Гъалиповас. Гьев щвана ЦIаналъа Хайрулбарияб АбулхIасановалъухъе. Гьелъ гIезаруна ва тарбия кьуна 10 лъимадуе, кIигояс СВОялда тIадаб налъи борхулеб буго.

Гъоркьа Инхоса ИнусхIажи ХIамзатовасухъеги щвана Гъалипов. ГIемерал соназ гIагараб Бакълъул мухъ цебетIезе хIаракат бахъарав ва жакъа къоялъ мустахIикъаб хIалхьиялда вугев ИнусхIажие районалъул бетIерас гьарана щулияб сахлъигун халатаб гIумру.

Игьалиса РахIмат ХIасанхIусеновалъул кIиго васас гIахьаллъи гьабулеб буго СВОялда. Гьелъухъе гьоболлъухъ щвана ва байрам баркана муниципалитеталъул нухмалъулес.

Игьалиса машгьурав ветеран МухIамад Чупалаевасул лъади Сайгибат МухIамадовалда 9-леб Май баркана ва «Бергьенлъиялъе 80 сон» абураб медаль кьуна районалъул нухмалъулес. Гъалип Гъалиповасда цадахъ районалъул харабахъе, тылалъул захIматчагIахъе, ветераназул лъудбухъе щвана маданияталъул, лъайкьеялъул, женсоветалъул вакилзабиги.

**«Гумбет» информациялъулаб гIуцIи**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ БАХIАРЗАЛ

# МухIамад Хабиров Суворовасул медалалдалъун кIодо гьавуна

## Шапакъатал цIикIкIаги

**Бакълъул мухъалдаса хасаб рагъулаб операциялъул рагъухъан МухIамад Хабиров мустахIикълъана яхI-намусалда гьабураб хъулухъалъухъ Суворовасул медалалъе. СВОялъул мухъалда неофашизмалда данде къеркьеялъулъ кIудияб бутIа лъолеб буго гьес.**



Гумбет районалъул нухмалъулев Гъалип Гъалиповас МухIамадида баркана шапакъат щвей, гьесие гьарана щулияб сахлъи, талихI ва бергьенлъигун хехго рокъове тIадвуссин.

**Зугьра ГIабдулкъадирова**

БАКЪЛЪУЛАЛ ВА СПОРТ

# Ингишоса Рамазан Бибулатов мустахIикълъана гIарцул медалалъе

## Махщел камиллъаги

**Грозныялда тIобитIана бразилиялъулаб джиу-джитсуялъул рахъалъ Россиялъул чемпионат, гьениб гIахьаллъи гьабуна Гумбет мухъалъул Ингишо росулъа Рамазан Бибулатовас. ТIолгороссиялъул къецгIуцIун букIана WAY BJJ лигаялъ.**




ХIалуцарал къецазул хIасилазда Бибулатовас жиндирго 74 килограммалъул цIайиялъул категориялда кIиабилеб бакI босана ва гьесие щвана гIарцул медаль.

Гумбет районалъул бетIер Гъалип Гъалиповас баркана Рамазан Бибулатовасда чемпионаталда призалъулаб бакI щвей, гьарана гьесие щулияб сахлъи, лъикIлъи, сундулъго икъбал ва цебетIей.

**«Гумбет» информациялъулаб гIуцIи**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ БЕРГЬЕНЛЪАБИ

# Набигула Астимировасул чIел

## Студентазда гьоркьов эркенаб гугариялъул рахъалъ махщел тIокIав

**Владикавказалда тIобитIана студентазда гьоркьоб эркенаб гугариялъул рахъалъ Россиялъул чемпионат, гьелда гIахьаллъана нилъер улкаялдаса 350-ялдаса цIикIкIун гугарухъан.**

Гьениб гIахьаллъи гьабуна Бакълъул мухъалъул МелъелтIа росулъа Дагъистаналъул педуниверситеталъул студент Набигула Астимироваги.



Ункъо къеркьеялъул хIасилазда Астимировас тIоцебесеб бакI ккуна. Дагъистаналдаса спортсменазда гьоркьов гьев лъугьана гьеб чемпионаталъул цохIого цо бергьаравлъун.

Гьелда тIадеги Астимировасе щвана Иван Ярыгинил цIаралда бугеб халкъазда гьоркьосеб турниралде ва Китаялда тIобитIизе бугеб дунялалъул чемпионаталде билет.

Гумбет районалъул бетIер Гъалип Гъалиповас баркана Набигула Астимировасда чемпионаталда бергьенлъи боси, гьарана цебе лъурал мурадал тIураялъе сахлъи, къуват, тIадеги чIахIиял бергьенлъаби, кинабго лъикIабщинаб.

**Макка МухIамадова**

# МухIамад Ордашов – махщел тIокIав, гурхIел цIикIкIарав тохтур

## Ахират лъикIаб кьун батаги

**2025-абилеб соналъул 11-леб апрелалда нилъедаса ватIалъана ЧIиркъатIаса мустахIикъав тохтур МухIамад Ордашов. Микьго соналъ Орёл шагьаралда хирурглъун, анцIила щуго соналъ бакълъулазул райбольницаялда, ЧIиркъатIа бакIалъулаб больницаялда хIалтIана гьев.**

Гьединго 10 соналъ МахIачхъалаялдаги тохтурлъиялъул махщел борхизабуна. Аллагьас сабабалъе т1амун, Мух1амадица сах гьаруна г1емерал унтарал, хасго Ковид унти тIибитIараб заманалда. ГIолохъанал тохтурзабазе кидаго мисаллъун вукIана гьев.

Мустах1икълъана сахлъи цIуниялъул министрасул ц1аралда бугеб шапакъаталъеги. Лъик1ав ва пайда бугев г1адан вук1ана, Аллагьасда жанивги лъик1авлъун ватаги. ГIумрудул 73 соналде вахиндал ана гьев абадияб рокъове. Мунагьал чураги, ахират лъик1аб кьун батаги, хъизан-агьлуялъе щулияб сахлъигун халатаб гIумру кьеги.

**ЧIиркъатIа росдал жамагIат**

ДОКУМЕНТЫ

# Собрание депутатов муниципального образования «Сельсовет “Арадирихский”»

**Р Е Ш Е Н И Е**

**от «10 » апрель 2025 г. № 1** **с. Арадирих**

## «Об утверждении отчета об исполнении бюджете МО «Сельсовет “Арадирихский”» за 2024 год»

**Руководствуясь Бюджетным кодексом Российской Федерации и Федеральным законом Российской Федерации от 06 октября 2003 года №131-ФЗ « Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», Бюджетным Законодательством Республики Дагестан, Уставом АСП «Сельсовет «Арадирихский», послушав доклад главы сельского поселения об исполнении бюджета МО «Сельсовет «Арадирихский»» за 2023год Собрание депутатов:**

РЕШАЕТ:

1.Утвердить отчет об исполнении бюджета МО «сельсовет Арадирихский» Гумбетовского района за 2024 год:

- по доходам в сумме 5028444 тыс. рублей согласно приложении №1 к настоя-щему решению

- по расходам в сумме 5878748, тысяча рублей согласно приложении №2 к настоящему решению.(источником финансирования дефицита бюджета 2024года яв-ляется остаток бюджетных средств 01.01.2024г -1812811 тыс.руб)

2. Настоящее решение вступает в силу с момента принятия и подлежит офици-альному опубликованию в районной газете «Гумбет»

**Председатель Собрания**
**Алигаджиев Г. М.**

**Приложение № 1 к решению Собрания депутатов сельского поселения «Сельсовет «Арадирихский»» от 10 апреля 2025 г. №1**

### Доходы бюджета сельского поселения «Сельсовет “Арадирихский”» за 2024 год

| Наименование показателей | КОДЫ классификации доходов бюджетов | План на 2024 г | Фактически исполнено за 2024год | % исполнения |
|---|---|---|---|---|
| Налог на доходы физических лиц | 18210102010011000110 | 41,0 | 54,5 | 132,9 |
| Налог на имущество физических лиц | 18210601030101000110 | 19,0 | 22,1 | 116,3 |
| Земельный налог(пп1п1ст394) | 18210606033101000110 | 21,0 | 6,8 | 32,4 |
| Земельный налог(пп2п1ст394) | 18210606043101000110 | 0,0 | 6,0 | |
| ИТОГО СОБСТВЕННЫХ ДОХОДОВ | | 81,0 | 89,4 | 110,4 |
| БЕЗВОЗМЕЗДНЫЕ ПОСТУПЛЕНИЯ | | 2995,0 | 2992,0 | 99,9 |
| Дотация сельскому поселению из ФФПП | 00120201001100000150 | 2830,0 | 2827,0 | 99,9 |
| Субсидии в.т числе | | 0,0 | 0,0 | #### |
| Субсидии бюджетам поселений на строительство модернизацию, ремонт и содержани автомобильных дорог общего пользования | 00120202041100000150 | 1845,0 | 1845,0 | 100,0 |
| Инные межбюджетные трансферты в т.ч. средства бюджетам поселений на выполнение переданных полномочий | 00120204014100000150 | 102,0 | 102,0 | 100,0 |
| Недофинансирование за ноябрь 2016 г | | | | |
| Субсидия | 00120215009100000150 | 0,0 | 0,0 | |
| Субвенции | | 165,0 | 165,0 | 100,0 |
| | в том числе | | | |
| Выполнение полномочии по первичному воинскому учету на территориях, где отсуствуют военные комиссариаты (ВУС) | 00120203015100000150 | 165,0 | 165,0 | 100,0 |
| **ВСЕГО ДОХОДОВ** | | **5023,0** | **5028,4** | **100,1** |

**Приложение №2 к решению Собрания депутатов сельского поселения «Сельсовет «Арадирихский»» за 2024 год от 10 апреля 2025 г. №1**

### Исполнение бюджета по расходам сельского поселения «Сельсовет “Арадирихский”» за 2024 год

| Наименование | адм. | Рз | ПР | ЦСР | План на 2024год | Кассоые выплаты за 2024 год | % выпол-нения |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| **ВСЕГО** | | | | | **6376,1** | **5878,8** | **92,2** |
| **Общегосударственные вопросы** | **001** | **01** | **00** | | **2314,2** | **1966,3** | **85,0** |
| Функционирование Правительства РФ, высших исполнительных органов госуд. власти субъектов РФ, местных администраций | 001 | 01 | 04 | 9900010040 | 2314,2 | 1966,3 | 85,0 |
| **Национальная оборона** | **001** | **02** | **00** | | **165,0** | **165,0** | **100,0** |
| Мобилизация и вневойсковая подготовка (ВУС) | 001 | 02 | 03 | 9980051180 | 165,0 | 165,0 | 100,0 |
| **Национальная экономика** | **001** | **04** | **00** | | **1334,5** | **1260,6** | 94,5 |
| Дорожный фонд | 001 | 04 | 09 | 9900040200 | 233,6 | 160,6 | 68,8 |
| | 001 | 04 | 09 | 1530020760 | 1100,9 | 1100,0 | |
| **Жилищно-коммунальное хозяйство** | ***001*** | ***05*** | ***00*** | | **1222,4** | **1222,4** | **100,0** |
| Благоустройство | *001* | *05* | *03* | *9900040010* | 1222,4 | 1222,4 | 100,0 |
| | *001* | | | | | | |

**(Продолжение -на 4 стр.)**

(Начало на -3 стр.)

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| **Культура и кинематография** | ***001*** | ***08*** | ***00*** | | **1195,0** | **1184,4** | **99,1** |
| *Культурно досуговый центр* | *001* | *08* | *01* | *9900080010* | 1195,0 | 1184,4 | 99,1 |
| **Социальная поллитика** | ***001*** | ***10*** | ***00*** | | **81,0** | **80,1** | 98,9 |
| Пенсионное обеспечение (доплата к пенс) | *001* | *10* | *01* | *9900090010* | 81,0 | 80,1 | 98,9 |
| **Физкультура и спорт** | ***001*** | ***11*** | ***02*** | ***9900090100*** | **32,0** | **0,0** | **0,0** |
| **Молодежная политика** | 001 | 07 | 07 | 9900070050 | **32,0** | **0,0** | **0,0** |

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

# Опасности, которые поджидают в Дагестане, как уберечься

## Дагестан стал довольно популярным туристическим местом

**Хочется немного написать о трудностях и даже опасностях, которые могут поджидать туристов.**

Сразу скажем, что речь пойдёт не о чём-то криминальном, так как Дагестан сейчас представляет собой довольно безопасную территорию.

Ну и в чём же тогда опасность в Дагестане, спросите вы? Отвечаем!

Большинство отдыхающих мечтают посетить в Дагестане Кавказские горы, так как в них находится много интересных мест и достопримечательностей. Но горы сами по себе могут таить и опасность, о которой туристы даже не догадываются.

Помните, в прошлом году было происшествие в Карадахской теснине, когда в ходе неожиданно случившегося селевого потока в этом ущелье, погибло двое туристов.

Мы уже много путешествуем по Дагестану, от местных жителей достаточно наслушались разнообразных историй и напутствий, как нужно вести себя в горных районах. И уже на своём опыте убедились, что в горах надо быть внимательными.

Итак, в что же вы должны знать в своих путешествиях по горному Дагестану!

Камнепады, сели, обвалы в горах, случаются всегда после обильных осадков. Даже если вы приехали в один район и в нём сухо, но в соседнем идёт проливной дождь, то здесь надо быть особо внимательными, так как горные реки очень опасны в эти моменты. Вроде бы практически пересохшая река, из-за обильных осадков тут же наполняется водой и становится бурным потоком, смывающем всё на своём пути. К этому ещё могут добавиться сели, стекаемые с уклонов гор земля, камни, так же образовывают поток опаснейшей жижи!

Если вас неожиданно дождь застал в горах, то лучше уехать в ближайшее селение, куда-нибудь на возвышенность.

Но лучше всего заранее смотреть за погодой, благо сейчас имеются приложения, где вы можете онлайн наблюдать за перемещение грозовых туч.

Теперь немного о движении в горных местах.

Передвигаясь на своей машине в горах, будьте особо внимательны, заранее по навигатору следите за поворотами, особенно на серпантинах.

Скорость лучше держать чуть ниже разрешенной и ни в коем случае не повторяйте за местными автомобилистами, они то знают, как правильно ездить в тех местах и у них в этом большой опыт, а вы повторяя за ними, можете создать себе массу проблем.Так же в горах будьте внимательны, передвигаясь пешком. Старайтесь не сходить с троп, так как в кустах и траве возможна встреча с ядовитыми насекомыми и змеями. И конечно одевайте соответствующую одежду, на ноги кроссовки и длинные брюки. Обязательно одевайте головной убор и берите с собой питьевую воду.

Ещё одно напоминание. Не надо рисковать ради классных фото и подходить на края обрывов. В Дагестане уже были случаи, когда не только туристы, но и местные жители срывались с них.

Так что будьте очень внимательны в горах, ведь недаром есть поговорка, что горы ошибок не прощают!

Контактные номера: 8-999-418-85-10

**Врио начальника ОМВД России по Гумбетовскому району подполковник полиции М.А. Адилгереев**

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

# В Гумбете стартовала оперативно-профилактическая операция «Мак – 2025»

**На территории Гумбетовского района в период с 12 по 21 мая 2025 года проходит I этап ОПМ «Мак - 2025».**

Данное мероприятие проходит в целях предупреждения и раскрытия преступлений, связанных с незаконным оборотом наркотических средств растительного происхождения. Основными задачами операции являются: - выявление и ликвидация незаконных посевов запрещённых к возделыванию растений, содержащих наркотические средства; - выявление и привлечение к ответственности лиц, осуществляющих незаконное культивирование запрещённых к возделыванию растений, содержащих наркотические средства; - выявление и перекрытие незаконной транспортировки наркотических средств растительного происхождения; - задержание и привлечение к ответственности перевозчиков и сбытчиков наркотических средств растительного происхождения; - выявление очагов произрастания дикорастущих растений, содержащих наркотические средства и организация их уничтожения. - выявление и устранение причин и условий, способствующих распространению наркотических средств растительного происхождения.

Уважаемые жители Гумбетовского района! Если Вам известна информация о незаконных посевах наркосодержащих растений, очагов произрастания дикорастущих наркосодержащих растений, местах их сбора и лиц, незаконно их культивирующих, а также месторасположения наркопритона просим сообщить об этом в дежурную часть Отдела МВД России по Гумбетовскому району 8-999-418-85-10. Единый номер вызова экстренных служб – 112. Анонимность гарантируем!

**Врио начальника ОМВД России по Гумбетовскому району подполковник полиции М.А. Адилгереев**

# Пожарная безопасность в период летних каникул

Летние каникулы — любимая пора для детей. Приятно нежиться под солнцем, на которое так щедро лето, но нельзя забывать о том, что опасность возникновения пожаров в летнее время чрезвычайно высока. Достаточно искры, чтобы загорелась высушенная жаркими лучами солнца трава, строение, сушняк в лесу.

Начало лета совпадает с обильным цветением тополя. Улицы, дворы и скверы покрываются тополиным пухом, он проникает в слуховые окна чердаков, забивается в подвалы, сараи, через открытые окна проникает в квартиры.

Для многих тополиный пух предмет забавы — стоит поднести спичку и он вспыхивает, как порох, огонь бежит по нему, как по бикфордову шнуру. Интересно… и опасно. Очень много случаев, когда, вспыхнув от детской шалости, огонь пробегал по пуху десятки метров и, найдя объект, разгорался пожаром, унося с собой материальные ценности, а порой и человеческие жизни.

Причинами пожаров с гибелью детей часто становятся детская шалость с огнем. Условиями, способствующими этому, явились оставление детей без присмотра и ненадлежащий присмотр за ними. Также гибели детей способствует состояние сна или алкогольное опьянение находящихся рядом взрослых.

Во время школьных каникул многие дети остаются дома одни и здесь источники риска практически на каждом шагу. Родители должны не только рассказывать, но и своим примером показывать правильное поведение:

— не оставляйте на виду спички, зажигалки;

— следите, как дети проводят свободное время, чем интересуются, отвлекайте их от пустого времяпрепровождения;

— не доверяйте маленьким детям присматривать за топящимися печами и нагревательными приборами, пользоваться газовыми приборами;

— не оставляйте детей одних в закрытых комнатах;

— контролируйте состояние электропроводки и электророзеток;

— не оставляйте включенными в сеть электробытовые приборы;

— не включайте в одну розетку несколько мощных электропотребителей;

— соблюдайте правила эксплуатации газовых плит, колонок, отопительных печей;

— соблюдайте чистоту и порядок в доме;

— приобретите в целях безопасности вашей семьи огнетушитель;

— будьте всегда осторожны с огнем, избегайте случаев его открытого применения.

Уважаемые родители, вы в ответе за жизнь и безопасность ваших детей!

**Начальник ОНД и ПР 15 по Ботлихскому, Гумбетовскому, Ахвахскому и Цумадинскому районам подполковник вн. сл. Багаудинов М.Г.**

БетIерав редактор:
ХIамзат МухIамадович ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь:
Зугьра ГIабдулкъадирова
Корреспондентал:
Макка МухIамадова
Фотомухбир:
Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес:
МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакъулъуазул нур» абурал цIаразда гъоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1003
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.